

**MITOS LAN MISTIS SAJRONING CRITA SILAT DREDAH ING PADHEPOKAN SUKMA ILANG ANGGITANE WIDODO BASUKI**

**Alfiatus Solikhah, Dra Sri Sulistiani, M.Pd**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

Alfiatussolikhah31@gmail.com

**Abstrak**

Crita silat *Dredah Ing Padhepokan Sukma Ilang* anggitané Widodo Basuki nyritakake paraga Jayakusuma minangka pemudha sing maguru ing Padhepokan Sukma Ilang. Kanthi kasektene, Jayakusuma bisa numpes angkara murka kang ditindakake paraga Glugut Bumi kang gawe dredah. Kabeh lakune crita ora bisa uwal saka anane mitos lan mistik kang gegayutan karo panguripane masyarakat Jawa. Adhedhasar lelandhesan panliten kasebut, tujuwane panliten iki yaiku (1) Njlentrehake wujud wangunaning carita sajrone crita silat DIPSI, (2) Njlentrehake wujud mitos kang dipercaya dening masyarakat sajrone crita silat kasebut, lan (3) Njlentrehake wujud mistis kang ngrembaka sajrone crita silat kasebut.

Ancangan panliten iki nggunakake metode deskriptif kualitatif amrih bisa menèhi gambaran kang gamblang lan objektif ngenani mitos lan mistis sajrone crita silat DIPSI. Sumber data sajrone panliten iki yaiku crita silat kanthi irah-irahan *Dredah ing Padhepokan Sukma Ilang* anggitané Widodo Basuki diterbitake dening Penerbit Paramarta taun 2013. Teori kang digunakake minangka landhesan kanggo mawas prakara-prakara mau yaiku titingan antropologi sastra kang diandharake dening Ratna. Data-data kang digunakake sajrone panliten arupa tembung-tembung, ukara, lan wacana kang ana ing sajrone DIPSI mligine kang nggambarake wujud carita, mitos, lan mistis. Tata cara panglumpukan data sajrone panliten iki nggunakake teknik pustaka lan wawancara.

Asile panliten iki bisa didudut telung bab kang laras karo underane panliten. (1) Wujud wangunaning carita sajrone crita silat dititingi saka paraga lan pamaragan, lan tema. Ora kabeh paraga kang dirembug, nanging kapilih enem paraga kang luwih asring dikatonake ing saben babak carita lan dadi punjere prakara. Sabanjure ngenani tema dibedakake dadi loro miturut jinise, yaiku tema mayor lan tema minor. Tema mayor kang kinandhut yaiku tema masyarakat Jawa ora bisa uwal saka anane mitos. Dene tema minor ana lima, yaiku tema katresnan sejati, tema panguripane masyarakat padesan, tema pangurbanan, tema kasetyan, lan tema kawicaksanaan. (2) Wujud mitos kang dipercaya dening masyarakat sajrone crita silat DIPSI ana papat, yaiku percaya marang petilasan (petilasané Celeng Srenggi, lan Guwa Gambir), sirikan, dina becik kanggo nindakake pakaryan, lan percaya marang pralambang impèn. (3) Wujud mistis kang ngrembaka sajrone crita silat DIPSI bisa kawawas kanthi anane: asung sesaji kanggo ngormati para leluhur, kedadeyan kang medeni, ilmu gaib kang nuwuhake kasekten, bangsa alus kang njaga sawijining papan, kesurupan, pusaka minangka samubarang kang nduweni kasekten, semedi bisa nuwuhake katentremaning jiwa lan gegambarane kasampurnaning urip. Babagan kasebut isih ngrembaka sajrone panguripane masyarakat Jawa, mligine sajrone crita silat DIPSI.

Tembung wigati: mitos, mistis, crita silat

**PURWAKA**

**Landhesane Panliten**

Sastra mujudake asil daya cipta, kreativitas, lan imajinasine pangripta kang ora bisa uwal saka panguripane manungsa. Sastra uga minangka paesan saka kahanane masyarakat, bisa kawawas saka lelakone manungsa kang nyata lan ora nyata. Proses *kreatif* pangripta bisa ngasilake sawijine karya sastra. Kanthi nggatekake kedadeyan ing sakupenge, kang bisa dadi daya imajinasine pangripta. Mula saka iku, karya sastra mujudake kaca benggalaning bebrayan, kang makili kahanan lan kedadeyan sing ana ing sakiwa tengene panguripan. Kaya kang diandharake dening Nurgiyantoro (2007:3), yen karya sastra nyritakake lelakone manungsa kang gegayutan karo lingkungan, dhiri pribadhi, lan Gusti Kang Murbeng Dumadi.

Sastra mujudake lantaran pangripta awèh piwulang marang masyarakat, supaya mikir kanthi wening lan ora nglakoni tumindak ala sajrone urip

bebrayan. Saliyane iku, karya sastra uga ngangkat kabudayan sing ana ing satengahe masyarakat. Sastra lan kabudayan ora bisa dipisahake. Kekarone minangka *disiplin ilmu* kang beda, nanging nduweni objek kang padha yaiku manungsa sajrone masyarakat.

Kabudayan sawijine bangsa minangka budaya kang tuwuh saka asil upaya lan pakulinane rakyat. Semana uga masyarakat Jawa uga nduweni kabudayan kang nuduhake corak panguripane. Kabudayan kang isih diugemi dening masyarakat Jawa tansah linandhesan adat-istiadat. Adat-istiadat kasebut diwarisake dening para leluhure kanthi turun-tumurun. Kabudayan kawawas minangka sakabehe kagiyatan manungsa, kalebu ilmu, kapitayan, seni, moral, ukum, adat istiadat, lan kagiyatan padinan liyane kang dilakoni manungsa minangka anggota masyarakat. Manungsa tansah ngugemi sistem kayakinan, paugeran-paugeran, norma-norma, sarta pituduh-pituduh kang tuwuh kanthi alamiah sajroning uripe. Kanyatan-kanyatan kasebut bisa kawawas sajrone karya sastra.

Sajrone kasusastran Jawa, crita silat kalebu crita kang ngandhut aspek kanuragan. Cundhuk karo jenenge, crita silat mujudake crita kang ngemot donyane silat. Miturut Supriyanto (2007:31), crita silat ing Indonesia kayata sajrone reriptane S.H Mintardja, Herman Pratikto, lan Arswendo Atmowiloto nggunakake *kondisi* sosial budaya masyarakat Indonesia ing jaman kawuri, kayata: jaman Majapait, Pajang, Mataram, Demak, lan Jakarta ing wektu kepungkur.

Salah sawijining karya sastra kang bakal dadi objek panliten iki yaiku crita silat anggitané Widodo Basuki kanthi irah-irahan *Dredah ing Padhepokan Sukma Ilang*, kang sabanjure ditulis DIPSI. Cita silat kasebut sadurunge tau kapacak ing kalawarti Jaya Baya. Cita silat iki nyritakake uripe paraga Jayakusuma minangka pemudha sing maguru ing Padhepokan Sukma Ilang. Kanthi ngelmune, Jayakusuma bisa numpes angkara murka kang ditindakake paraga Glugut Bumi kang gawe dredah ing Padhepokan Sukma Ilang. Saliyane iku, crita silat DIPSI uga nggambarake panguripane masyarakat Jawa kang isih ngugemi adat istiadat.

Widodo Basuki kalebu pangripta kang prodhuktif. Widodo Basuki uga minangka wartawan/redaktur majalah Jaya Baya wiwit taun 1993 nganti saiki. Panjenengane aktif nulis artikel, cerkak, geguritan, esay, naskah drama, cerbung lan liya-liyane. Buku lan karyane arupa antologi pribadi antara liya: *Gurit Panantang* (1993), *Layang Saka Tlatah Wetan* (1999), *Kitir Tengah Wengi* (2001), lan sawetara kumpulan *fotocopy*-an lan naskah drama kang durung diterbitake. Saliyane iku buku kang diripta yaiku *Layang Saka Paran* (1999) diterbitake Media Gambar, buku wacan bocah *Menak Sopal dan Buaya Putih* (penerbit PT Citra Jaya 1997), Kumpulan Geguritan *Medhitasi Alang-Alang* (2004) lan arupa antologi bebarengan.

Miturut pangripta, crita sajrone crita silat DIPSI mung arupa crita fiksi sing sumbere saka crita lisan. Tlatah lan panggonane digambarake nyata kaya sing ana ing laladan Gunung Penanggungan, Gunung Arjuna, Gunung Welirang lan sakiwa tengene ing tlatah Jawa Timur. Gunung Penanggungan mujudake centra raja-raja Jawa, mligine Majapait. Gunung Penanggungan uga mujudake gunung para dewa. Tumrape wong Jawa, pucuk gunung mujudake papan kang dhuwur, amarga wong Jawa percaya yen roh leluhur manggon ing gunung-gunung. Mula saka iku, sajrone crita silat DIPSI akeh mitos lan mistik kang gegayutan karo panguripane masyarakat Jawa. Miturut pamawase panliti, bab kasebut kang narik kawigaten saperlu diteliti kanthi luwih premati.

Cita silat DIPSI anggitané Widodo Basuki uga nduweni paraga lan pamaragan, lan tema kang narik kawigaten. Paraga lan pamaragan sajroning crita silat iki maneka warna jinise, antarane yaiku: manungsa, bangsa seluman, dhanyang lan sapiturute. Mula, nduweni patrap urip kang beda antarane siji lan sijine. Babagan kasebut nggambarake panguripane masyarakat Jawa kang percaya anane bangsa saliyané manungsa.

Saliyane paraga lan pamaragan, tema kang kinandhut sajrone crita silat iki uga narik kawigaten. Tema sajroning crita silat DIPSI iki nggambarake kabudayan lan panguripane masyarakat desa, mligine ing

tlatah Majapait. Kabudayan kang digambarake mujudake maneka mitos lan mistik kang diugemi dening masyarakat Jawa kang manggon ing tlatah Majapait.

Mitos mujudake kapitayan marang prakara-prakara tartamtu kang ngrembaka ing satengahing masyarakat kanthi turun-tumurun. Mistik iku asipat mistis. Mistis mujudake kapitayane manungsa marang kakuwatan-kakuwatan gaib kang ana ing sakiwatengene. Mitos lan mistis kang kinandhut sajrone crita silat DIPSI ana maneka warna. Mitos kang digambarake ing antarane yaiku kapitayan masyarakat ngenani dina becik, gugon tuhon sajrone palakrama, adhi ora ilok nglangkahi kangmase, mitos crita ngenani Celeng Srenggi sing tau gawe dredah ing laladan Gunung Arjuna lan mitos-mitos liyane. Saliyane mitos, mistis uga digambarake sajrone crita. Wujuding mistis ing DIPSI iki katitik saka konflik sing ana ing carita, amarga konfliké tuwuh anatarane bangsa lelembut lan manungsa, mula kanggo mungkasine ora bisa nganggo cara salumrahe. Kayata, kanthi cara nggunakake jimat, aji-aji lan sapiturute.

Adhedhasar andharan kasebut, sajroning kalodhangan iki reriptan sastra DIPSI bakal diintangi mawa tintingan antropologi sastra. Aspek-aspek antropologis kang ana sajrone karya sastra, kaya kang diandharake dening Sudikan (2007:6), yaiku sistem kawruh, adat-istiadat, sistem kekerabatan, sistem panjangkepe urip lan teknologi, pegaweyan, seni, sarta sistem kapitayan lan agama. Panliten iki diajab nduweni paedah tumrap pamacane kanggo nambah kawruh babagan budaya Jawa sajroning panguripane masyarakat.

### **Underaning panliten**

Adhedhasar landhesan panliten kang wis diandharake mau, bisa didudut underane panliten kaya mangkene:

- 1) Kepriye wujud wangunaning carita sajrone crita silat *Dredah ing Padhepokan Sukma Ilang*?
- 2) Kepriye wujud mitos kang dipercaya dening masyarakat sajrone crita silat kasebut?
- 3) Kepriye wujud mistis kang ngrembaka sajrone crita silat kasebut?

### **Tujuwane Panliten**

Saka underane panliten iku mau, tujuwane panliten yaiku:

- 1) Njlentrehake wujud wangunaning carita sajrone crita silat *Dredah ing Padhepokan Sukma Ilang*.
- 2) Njlentrehake wujud mitos kang dipercaya dening masyarakat sajrone crita silat kasebut.
- 3) Njlentrehake wujud mistis kang ngrembaka sajrone crita silat kasebut.

### **Paedah Panliten**

Sawise kaleksanan panliten iki, dikarepake bisa menehi paedah marang panliti dhewe lan wong sing maca. Paedahe ing antarane yaiku:

- 1) Tumrap panliti, panliten iki bisa kanggo sarana nambah pengalaman lan kawruh ngenani budayane masyarakat Jawa.

- 2) Tumrap pamaca, panliten iki bisa kanggo nambahi pamawas kang luwih jembar lan nambahi kawruh ngenani sastra Jawa modern mligine crita silat.

#### **Wewatesane Istilah**

Supaya ora ana salah pangerten lan supaya kabeh pihak nduweni konsep kang padha ngenani istilah kang digunakake ing sajrone panliten iki, ing ngisor iki bakal dijlentrehake istilah-istilah kang ana gegayutane karo irah-irahan yaiku:

- 1) Mitos  
Mitos yaiku dongeng dewa-dewa lan badan alus (KIJ edisi kapisan, 1991: 206)
- 2) Mistis  
Mistis iku sipating mistik, mistik yaiku bab-bab sing gegayutan karo gaib (KIJ edisi kapisan, 1991: 205).
- 3) Crita silat  
Cekakan saka carita silat. Crita silat yaiku carita fiksi gancaran kang nyritakake lelakone pendhekar lan tansah nyuguhake piranti tradisional kanthi latar padesan ing jaman kawuri (Teguh, 2007:34).

#### **TINTINGAN KAPUSTAKAN**

##### **Antropologi Sastra**

Antropologi mujudake ilmu ngenani manungsa kang nyinaoni maneka werna wujud fisik, kapribaden, masyarakat, lan kabudayan (Koentjaraningrat, 1984:10). Dene antropologi sastra mujudake pasinaon ngenani reriptan sastra kanthi relevansi manungsa (Ratna, 2011:351). Sabanjure, Ratna (2011:352-353) njlentrehake antropologi sastra minangka pendhekatan interdisipliner sing paling anyar sajrone ilmu sastra. Antropologi sastra menahi kawigaten marang manungsa agen kultural, sistem paseduluran, sistem mitos, pakulinan-pakulinan liyane.

##### **Kabudayan Jawa**

Miturut pamawase wong Jawa, kabudayan dudu minangka sawijine kesatuan kang homogen. Wong Jawa sadhar anane maneka werna kabudayan kang asipat homogen, sakupenge dhaerah Jawa Tengah lan Jawa Timur. Maneka wernane regional kabudayan Jawa iki akeh-akehe cocok karo dhaerah-dhaerah logat basa Jawa, lan uga katon lumantar unsur-unsur kayata: panganan, upacara-upacara, kesenian rakyat, lan seni swara.

Kabudayan Jawa sing urip ing kutha-kutha Yogya lan Solo mujudake kabudayan wong Jawa kang asale saka Kraton. Bab kasebut nduweni sejarah kasusastran kang wis ana wiwit patang abad kapungkur, lan nduweni kesenian arupa tari-tarian lan seni swara kraton, sarta anane sawijine panguripan keagamaan kang sinkretistik, campuran saka unsur-unsur agama Hindu, Budha, lan Islam. Babagan iki mligine kedadeyan ing kutha kraton Solo, ing kono ngrembaka maneka gerakan keagamaan kontemporer, kang sinebut gerakan kebatinan (Koentjaraningrat, 1984:25).

##### **Mitos**

Mitos mujudake crita suci arupa simbol kang nyritakake kedadeyan imajiner lan nyata kang gayut karo

mula bukane lan owah-owahan jagad raya lan donya, dewi-dewi, kekuwatan-kekuwatan adikodrati, manungsa, pahlawan, lan masyarakat. Titikane mitos kang ngrembaka sajrone panguripane wong Jawa, yaiku (1) mitos asipat suci utawa sakral, amarga gayut karo bab kang dipuja, kayata mitos Kanjeng Ratu Kidul, (2) mitos mung bisa kawawas saka jagading mitos lan ora ing panguripan padinan utawa ing wektu kawuri kang nyata, (3) akeh mitos ing Jawa sing nuduhake kedadeyan-kedadeyan kang wigati, (4) bebenere mitos ora baku, amarga jaman mitos ora kaiket donya kang nyata (Endraswara, 2003:193-194).

##### **Mistik**

Mistik mujudake kapitayane manungsa marang anane kakuwatan-kakuwatan gaib kang ana ing sakiwatengene masyarakat. Mistis iku sipating mistik. Mistik nduweni teges bab-bab gaib kang ora tinemu nalar. Mistik uga mujudake sistem religi kanggo ngrasakake emosi nyawiji marang Gusti.

Simuh (1996:13) ngandharake yen tasawuf utawa mistik mujudake filsafat kebatinan, punjering lakune ana ing pangupaya pengalaman kasyaf, yaiku pengalaman kajiwan tumrap ilmu gaib. Kamus Hornby (sajrone Simuh, 1996:26) uga njlentrehake yen mistikisme mujudake sawijine piwulang utawa kapitayan yen kawruh ngenani hakekat Gusti bisa dirasakake lumantar semedi utawa laku spiritual sing ora ana campur tangan saka akal lan pancandriya. Andharan kasebut nuduhake yen mistik ora bisa kagayuh kanthi akale manungsa lumrah. Mung manungsa kang nduweni keselarasan batin kang bisa nindakake laku mistik.

##### **Kasampurnaning Urip**

Miturut pamawas jagading kebatinan Jawa tujuwan urip yaiku nggayuh kasampurnaning urip. Ngelmu kasampurnaning urip sajrone mistik kejawan sinebut manunggaling kawula Gusti. Yaiku kepriye pangupayane manungsa supaya bisa nyawiji, ngaweruhi sangkan paran supaya bisa sampurna. Mula saka iku, manungsa kudu nglakoni pengalaman batin adhedhasar prinsip: atas (kaluhuran, kamulyan), titis (pramana, waspada), tatas (rampung), putus (sampurna, lumantar insan kamil (sampurna), lenget (alus wicaksana), layat (lelakone urip kang sarwa cepet), kanthi ngabekti (mangidhep, manembah) marang Gusti (Endraswara, 2006:164-165).

##### **Analisis Struktural**

Analisis utawa pendhekatan objektif tumrap unsur-unsur intrinsik utawa struktur karya sastra minangka wiwitan kanggo nлити karya sastra sadurunge nganalisis panliten sabanjure (Damono,1978:2). Pendhekatan struktural gagayutan karo perangan intrinsik sajrone crita. Kaendahan teks sastra gumantung saka panganggone basa sing *khas* lan sesambungane perangan-perangan sajrone crita (Endraswara, 2011:51).

Pendhekatan struktural nduweni tujuwan kanggo ngudhari lan ngandharake kanthi tliti, ngenani sesambungane perangan-perangan intrinsik sajrone karya sastra sing padha-padha ngasilake teges (Teeuw, 1984:135). Dadi bisa didudut yen pendhekatan struktural

yaiku sawijine pendhekatan sajrone ilmu sastra kanthi cara nganalisis unsur-unsur struktur sing mangun karya sastra sajrone karya sastra kasebut, lan ngonceki gegayutane unsur-unsur kasebut sajrone nemtokake makna karya sastra. Saka andharan iki bisa ditegesi, menawa pendhekatan struktural bisa mbiyantu nggoleki perangan intrinsik sajrone crita. Struktur karya sastra (fiksi) kaperang dadi unsur-unsur alur, paraga lan wewatakake, tema, latar lan amanat minangka unsur kang paling pinunjul lan dominan sajrone karya sastra (fiksi).

### Paraga lan Pamaragan

Paraga mujudake lakon kang ngemban prastawa sajrone carita fiksi, saengga prastawa kasebut bisa ngrakit sawijine carita (Aminuddin, 2002:79). Paraga umume arupa manungsa, nanging ora sethithik carita fiktif kang diparagani dening sato kewan, dewa-dewa utawa titah gaib liyane. Abrams (sajrone Nurgiyantoro, 2007:165), ngandharake yen paraga yaiku pawongan kang tuwuh sajrone reiptan naratif utawa drama, kang ditapsirake dening pamaca nduweni *kualitas* moral lan watek tartamtu, kaya kang mangejawanthah sajrone gunemane lan apa kang ditindakake para paraga. Adhedhasar pamawas kasebut bisa dingerteni yen paraga carita ora bisa dipisahake saka watek kang digambarake sajrone reiptan fiksi. Paraga-paraga sajrone crita ana sing dadi paraga inti, uga ana sing dadi paraga tambahan. Paraga inti nduweni pengaruh gedhe tumrap crita sajrone cerbung. Biyasane, paraga inti akeh dicritakake dening pangripta. beda karo paraga inti, paraga tambahan dicritakake saprelune.

### Tema

Tema yaiku gagasan dhasar umum kang nyangga sawijining karya sastra lan kang kemot ana sajroning teks minangka struktur semantis lan kang magepokan karo pepadhan-pepadhan utawa bedane (Hartoko sajrone Nurgiyantoro, 2007:68). Salah sawijining gagasan pokok utawa ide pikiran ngenani salah sawijining masalah, salah sawijine yaiku ing sajroning gawe tulisan, Ing saben tulisan mesthi bae nduweni tema, amarga sajroning panulisan kudu mikirake tema apa sing arep digawe utawa ditulis. Pangripta nalika nulis cerpen, puisi, novel, karya tulis, lan macem jinise tulisan kudune nduweni tema. Dadi yen diibaratake utawa diumpamakake omah, tema iku pondasine. Tema uga bagian sing paling utama dideleng dening sing maca tulisan. Yen temane nduwe daya tarik, mesthi menahi nilai luwih ing tulisan kasebut. Wujude tema kuwi bisa digoleki yan mangerteni isining crita kanthi cara wutuh. Inti tema bisa ditemokake ana ing saben ukara-ukara, utawa paragraf sajrone pacelathon-pacelathon tartamtu.

### Crita Silat

Suryadinata (sajrone Supriyanto, 2007:33) ngandharake yen pangrembakane crita silat mangaribawani para pangripta pribumi, kayata, S.H. Mintardja, Herman Pratitkto, lan Arswendo Atmowiloto nulis crita silat kanthi latar dhaerah. Para pangripta kasebut migunakake crita sejarah diolah dadi crita silat sing nyenengake.

Wetara taun 1970-an pangrembakane crita silat ora mung winates arupa tulisan ukuran *saku*, nanging didadekake dadi film lumantar *bioskop*, kayata, film *Si Buta dari Goa Hantu* (1970) adhedhasar naskah crita silat anggitané Ganesh T.H., *Panji Tengkorak* anggitané Jaladara (1971) sarta *Api di Bukit Menoreh* lan *Sisa-sisa Laskar Pajang* anggitané S.H. Mintardja (1980). Taun 90-an, ana film *Wiro Sableng* lan taun 2000-an ana crita *Mak Lampir*, *Angling Darma*, *Dendam Nyi Pelet*, lan *Jaka Tingkir*.

Crita silat uga terbit arupa gambar (*komik*). *Komik* mujudake crita kang diwedharake lumantar gayutan antarane crita lan gambar. Tuwuhing *komik* ing Indonesia sejatite wis kawiwitan adoh sadurunge taun 70-an. *Komik* silat kang kapisan ngrembaka ing Indonesia yaiku *Sie Djin Koei* (1945).

Titikane crita silat miturut Supriyanto (2007:35-45), yaiku:

- 1) Crita silat biyasane dijangkepi siji utawa luwih gambar paraga sing nggambarake kedadeyan sajrone crita.
- 2) Crita silat umume nggambarake panguripan ing Indonesia kanthi paraga, latar, lan adat istiadat Indonesia.
- 3) Paraga crita digambarake nduweni kasekten ngeluwahi pendhekar-pendhekar liyane kang dianggep nduweni kepinteran luwih dhuwur.
- 4) Para paraga anggone entuk kasekten kanthi kebeneran lan ora lumrah.
- 5) Paraga utama kerep nutupi kasektene.
- 6) Tema sajrone crita umume padha, ngenani kebajikan lan kepahlawanan.
- 7) Latar sing digambarake sajrone crita biyasane arupa gunung, alas, kali, prau, tlaga, lan padesan.
- 8) Kewan sing kerep ana sajrone crita silat Indonesia biyasane arupa pitik, manuk, macan, kethek, baya, kidang, lan kewan liyane sing uripe mung ana ing laladan tropis. Semono uga woh-wohan kang ana sajrone crita silat Indonesia yaiku juwet, duku, rambutan, lan jambu.
- 9) Piranti transportasi kang digunakake yaiku cikar lan dokar. Piranti liyane kang digunakake para paraga biyasane piranti tradisional kanggo tetanen ing tegal lan ing sawah.
- 10) Gaman sing digunakake para paraga arupa gaman tradisional kayata, berang capil, pecut, suling, lan kipas.
- 11) Crita silat Indonesia mesthi nuduhake paraga lanang kang gagah pideksa, lan rambute gondrong kanthi nggunakake iket sirah. Semono uga paraga wadon biyasane digambarake ayu merak ati lan isih enom. Sajrone crita paraga wanita tansah ngancani paraga kakung. Pungkasane kekarone tinakdir dadi jejodhowan lan nglakoni urip bebarengan.
- 12) Kabecikan digambarake lumantar paraga utama kang sekti. Paraga nduweni wewatekan kang becik, biyasane ing pungkasan crita, paraga entuk kemenangan ing saben peperangan, kasil numpes angkara murka sarta kasil nyandhing wanita kang dadi pepujane.

13) Crita silat kajupuk saka jagading kependhekan lan nduweni gandheng ceneng karo kasekten.

Jinis crita silat tinulis nduweni kaluwihan ana ing kebebasane pangripta medharake gagasane sajrone narasi kang dawa lan njlimet. Paraga bisa kagambarake lumantar narasi lan dialog kang dawa. Dene sajrone crita silat mawa gambar, narasine cendhak lan mung inti saka critane. Semono uga gambar paragane, gambar kerep ana kanggo medharake kedadeyan wigati kang dialami paragane (Supriyanto, 2007:46).

### **Lelandhesan Teori**

Teori mujudake lelandhesan umum sing digunakake sajrone panliten. Panganggone teori kang laras minangka lelandhesan kanggo ngandharake saben perkara, ora bisa ditinggalake amarga teori bisa dadi panuduh. Panliten iki nggunakake teori antropologi sastra kang diandharake dening Ratna. Antropologi sastra mono gegayutan karo tradhisi, adat-istiadat, mitos, lan kedadeyan kabudayan kang umum, minangka kedadeyan kang nduweni khas lan gegayutan karo jaman biyen (Ratna, 2011:73).

Dene kanggo njlentrehake mitos kang ngrembaka sajrone masyarakat, panliten iki nggunakake pamawase Endraswara (2003), kang ngandharake yen mitos mujudake carita suci kanthi wujud simbolik kang nyaritakake rerencan prastawa nyata lan *imajiner*. Banjur pamawase Endraswara (2006) ngenani mistis mujudake bab utawa paham gaib kang dilakoni kanthi nindakake laku kang kaleksanan dening sawijining aliran kebatinan lan kapitayan.

Pendekatan sing digunakake sajrone panliten yaiku pendekatan struktural. Pendekatan struktural gagayutan karo perangan intrinsik sajrone crita. Kaendahan teks sastra gumantung saka panganggone basa sing *khas* lan sesambungane perangan-perangan sajrone crita (Endraswara, 2011:51). Pendekatan iki digunakake kanggo njlentrehake struktur pamangun fiksi mligine paraga lan pamaragan, lan tema.

## **METODE PANLITEN**

### **Ancangan Panliten**

Panliten iki nggunakake metodhe kualitatif. Panliten kualitatif nduweni tujuan kanggo menehi andharan kang cetha manut apa kang dikarepake panliti ing underane panliten. Crita silat *Dredah Ing Padhepokan Sukma Ilang* anggitané Widodo Basuki bakal dititangi kanthi nggunakake titingan antropologi sastra. Panliten kualitatif deskriptif digunakake amrih bisa menehi gambaran kang gamblang lan objektif ngenani mitos, mistis lan kasampurnaning urip sajrone crita silat *Dredah Ing Padhepokan Sukma Ilang*.

### **Sumber Data lan Data**

#### **Sumber Data**

Miturut Ratna (2011:47) sajroning ilmu sastra, sumber datane yaiku karya sastra lan naskah. Cundhuk karo andharan kasebut, ing panliten sastra iki nggunakake sawijine karya sastra minangka sumber datane, yaiku crita silat kanthi irah-irahan *Dredah ing Padhepokan Sukma Ilang* anggitané Widodo Basuki diterbitake

dening Penerbit Paramarta taun 2013. Crita silat DIPSI iki sadurunge nate kapacak arupa cerbung ing kalawarti Jaya Baya nganti 17 seri ing taun 2004.

### **Data**

Data minangka wewujudane objek sajrone panliten. Lincoln lan Guba (Sajroning Moleong, 2008:11) ngandharake yen salah sawijine titikan saka panliten kualitatif yaiku data kang diklumpukake arupa tembung-tembung, gambar, dudu angka-angka. Bab kang padha uga diandharake dening Ratna (2011:47) yaiku data panliten ing ilmu sastra kang minangka data formal yaiku tembung-tembung, ukara, lan wacana.

Cundhuk karo andharan ing dhuwur mula objek panliten ing kene yaiku tembung-tembung, ukara, lan wacana kang ana ing sajrone DIPSI mligine kang ngamot prakarane panliten ing antarane :

- 1) Data deskriptif ngenani wujud wangunaning carita sajrone crita silat DIPSI.
- 2) Data deskriptif ngenani gambaran mitos kang ngrembaka ing masyarakat sajrone crita silat DIPSI, kayata: mitos crita ngenani Celeng Srenggi sing tau gawe dredah ing laladan Gunung Arjuna, lsp.
- 3) Data deskriptif ngenani mistis kang ngrembaka ing masyarakat sajrone crita silat DIPSI, kayata: asung sesaji *palguna estia* minangka wujud atur pakurmatan marang leluhur, lsp.
- 4) Data deskriptif ngenani gegambaran kasampurnaning urip sajrone crita silat DIPSI, kayata: kadeleng saka paraga Jayakusuma kang mujudake manungsa sampurna kang kagungan badan alus lan badan kasar, lsp.

### **Instrumen Panliten**

Instrumen panliten bisa ditegesi minangka alat panglumpuking data. Ing panliten iki, instrumen panlitene yaiku panliti dhewe. Laras kaya kang diandharake dening Moleong (2008:168), manungsa kang nindakake panliten minangka *perencana*, *pelaksana* panglumpuking data, lan *pelapor* asiling panliten. Mula ing kene panliti uga nindakake panlitene dhewe wiwit nglumpukake data nganti tekan pungkasane panliten yaiku ngasilake tafsiran lan panulisane saka data kasebut.

Saliyane panliti minangka instrumen utama, ing panliten iki uga nggunakake piranti-piranti panyengkuyung liyane. Piranti panyengkuyung iku ing antarane polpen, potelot, spidol, buku kanggo nulis lan kertas. Piranti-piranti kasebut digunakake kanggo nyengkuyung panliti sajroning nglakoni proses panliten nitingi crita silat DIPSI iki.

### **Metode lan Teknik Panliten**

Panliten iki nggunakake metode utawa tata cara panliten kang runtut wiwit saka ngumpulake data, ngolah data, banjur nulis asiling panliten. Saben perangan kasebut nduweni titikan utawa paugeran dhewe-dhewe. Luwih cethane kaya kang kababar ing ngisor iki.

#### **Tata Cara Panglumpuking Data**

Tata cara panglumpuking data kang digunakake ing panliten iki yaiku, *teknik pustaka* lan *teknik wawancara*. *Teknik pustaka* minangka teknik

panglumpuking data kang nggunakake sumber data kang katulis (kepustakaan). Moleong (2008:159) ngandharake yen sumber katulis bisa diperang dadi sumber buku lan majalah ilmiah, sumber saka arsip, dokumen pribadi, lan dokumen resmi. Kagiyatan-kagiyatan kang ditindakake ing panliten sarana *teknik pustaka* yaiku :

- 1) Maca DIPSII anggitané Widodo Basuki kanthi bola-bali amrih luwih mangerteni isi critane. Sawise iku nemtokake prakara kang bakal diteliti.
- 2) Saka sumber data kasebut panliti bisa nemokake data-data kang laras karo prakara panliten saengga bisa milah-milah saperangan kutipan arupa ukara utawa paragraf sajrone crita silat DIPSII manut prakarane.
- 3) Data sing wis dipililah-pilah banjur diklompokake manut prakara lan teorine kanthi teknik cathet. Teknik iki digunakake kanggo nemtokake identitas ukara utawa paragraf kanthi cara, wujud wangunaning crita ditulis ing kertas werna ijo, wujud mitos ditulis ing kertas werna abang, lan wujud mistis ditulis ing kertas werna kuning.
- 4) Nindakake *cek recek* ngenani data kang wis diasilake amrih mikolehi data kang bener-bener akurat lan representatif.

Kejaba iku, panliten iki uga nggunakake teknik wawancara. Ing kene panliti nggunakake metode wawancara kanthi cara semi terstruktur, yaiku pitakonan wis diaspake kanthi urut, banjur ditambahi pitakonan anyar kanthi tujuan nggoleki katrangan kang luwih cetha saengga informan bisa menehi katrangan kang rowa.

Kanggo nyengkuyung teknik wawancara iki, dibutuhake anane instrumen lan alat. Instrumen yaiku panliti (Alfiatus Solikhah), lan narasumber (Widodo Basuki), lan cathetan pitakonan. Dene alat wawancara yaiku buku cathetan, pulpen, lan *handpone*.

Tatacara kang ditindakake nalika wawancara yaiku (1) Nyiapake daftar pitakonan kang bakal ditakonane marang informan, (2) Nekani informan menyang kantore informan, (3) Nindakake wawancara, (4) Nyatet lan ngrekam wangsulane utawa data kang wis diandharake dening informan.

#### **Tata Cara Pangolahing Data**

Tata cara pangolahing data minangka sawijine cara kerja sajrone nindakake panliten amrih mikolehi asil kang bener lan pener saha laras karo tujuwan kang dikarepake ing panliten. Teknik kang ditrapake ing panliten iki yaiku teknik analisis data. Analisis data kualitatif miturut Seiddel (Moleong, 2008:248), prosese katindakake kanthi cara nyathet kang dibarengi karo kagiyatan menehi kode, nglumpukake, milah-milah, klasifikasi, *sintesis*, nggawe ikhtisar lan *indeks*, kang pungkasan yaiku nggoleki lan nemokake asil-asil kang umum.

Adhedhasar pamawas kasebut, mula cara analisis data kang ditindakake ing panliten iki yaiku:

- 1) Tahap maca lan ngerteni data  
Kagiyatan maca kang ditindakake kanthi becik bakal dadi dhasar kepriye panliti nindakake analisis. Mula kagiyatan maca ing kene ora mung maca

sawantah, nanging kudu bener-bener bisa mangerteni lan maknani isi data kasebut.

- 2) Verifikasi data  
Sawise maca ditindakake kagiyatan verifikasi. Tegese nлити maneh bab kang wis dimangerteni amrih luwih bener lan pener, laras karo prakara kang bakal diteliti.
- 3) Klasifikasi lan kodifikasi data  
Kagiyatan iki ditindakake kanthi cara milah-milah data manut underane panliten. Pamilahan kasebut dibarengi karo kagiyatan menehi kode, bisa arupa werna pulpen kang beda (abang, biru, ireng). Kanthi menehi kode kasebut bisa nggampangake panliti anggane nglompokake data.
- 4) Nafsirake data  
Kagiyatan nafsirake iki kanggo ngasilake sawijine deskripsi utawa andharan saka data kang wis dipikolehi laras karo prakara kang ana ing underane panliten.

#### **Tata Cara Nulis Asiling Panliten**

Sawise nemtokake tata cara ngolah data panliten, langkah sabanjure yaiku nulis asiling panliten. Sajrone nulis asiling panliten uga ana saperangan paugeran kang kudu digatekake. Prakara iki ditindakake supaya asiling panliten katulis kanthi runtut lan ngasilake panliten kang bisa ditanggungjawabake.

Tata cara nulis asile panliten sajrone panliten iki yaiku analisis informal, yaiku analisis data kang nggunakake tembung-tembung salumrahe. Mula, asil analisis data disuguhake kanthi *pengklasifikasian* lan menehi tetenger tumrap data kang nggunakake tembung-tembung kang gumathok karo jinis prakara sajrone panliten. Andharan ngenani asile analisis sajrone panliten iki, yaiku: 1) purwaka; 2) titingan kapustakan; 3) andharan; 4) prathelan asile panliten lan 5) panutup sing isine dudutan lan pamrayoga.

#### **ANDHARAN ASILE PANLITEN**

##### **Wujud Wangunaning Crita sajrone Crita Silat DIPSII**

Wujud wangunaning crita silat DIPSII mujudake sawijining unsur intrinsik sajrone karya sastra. Nurgiyantoro (2007:23) ngandharake, struktur karya sastra kang mangun karya sastra saka njero karya sastra iku dhewe (*unsur intrinsik*), yaiku tema, crita, pamaragan, alur, latar/setting, sudut pandang, lan lelewani basa. Wujud wangunaning crita kang bakal dijlentrehake ing panliten iki yaiku paraga lan pamaragan, lan tema.

##### **Paraga lan Pamaragan**

Paraga kang ana sajrone crita silat DIPSII iki satemene akeh banget. Nanging, ora kabeh paraga bakal dijlentrehake ing panliten iki. Kapilih enem paraga kang luwih asring dikatonake ing saben babak carita lan dadi punjere prakara. Sanadyan mangkono, paraga-paraga kang ora dirembug ing kene ora banjur dilirwakake, amarga kabeh paraga kasebut isih nduweni gegayutan karo paraga-paraga mau. Paraga-paraga kasebut yaiku Jayakusuma, Dewi Sudarawati, Ki Jemblung Naya lan Ki

Jemblung Sabda, Prabu Brawijaya, Dewi Serang ( Nyi Rara Kidul), lan Glugut Bumi.

**1) Paraga Jayakusuma**

Jayakusuma mujudake paraga utama sajrone crita silat DIPSI. Jayakusuma mujudake pemudha kang nduweni rupa bagus kang diemong dening pawongan tuwa aran Ki Jemblung Naya lan Ki Jemblung Sabda. Sajrone crita ora dicritakake ngenani wong tuwane Jayakusuma, nanging dicritakake yen Jayakusuma manggon ana ing Padhepokan Sukma Ilang karo Bapa Resi Sentanumurti sing ora liya simbahe dhewe. Kahanan kaya mangkono bisa kagambarake saka pethikan ngisor iki.

“Adoh ing lambunging Gunung Arjuna, ana pawongan telu sing lagi mudhun saka cepitane Guwa Gambir. Sing siji katon mudha taruna kang bagus rupane, dene sing cacah loro mujudake pamomonge katon wis rada tuwa. Pamomong tuwa mau sing siji lemu ginak-ginuk, rambute dikuncupake madhuwur. Sing sijine maneh rada langsing, rambute dikucir mengisor.” (SBJ, 2013:37)

Pethikan kasebut nggambarake Jayakusuma kang nduweni rupa bagus sampurna. Jayakusuma mujudake mudha taruna kang bagus rupane kang nduweni loro pamomong. Pamomonge Jayakusuma iku sinebut Ki Jemblung Naya lan Ki Jemblung Sabda. Luwih-luwih, Dewi Garansih kang minangka adhine Dewi Serang iku nganggep yen baguse Jayakusuma padha karo baguse Bathara Kamajaya. Sajrone pewayangan, bathara kamajaya iku nduweni pasuryan bagus kaya dene Arjuna. Yen ing marcapada sing baguse tanpa tandhing iku Arjuna, nanging yen ing kahyangan iya Bathara Kamajaya. Dewi Serang kang minangka bangsa alus kang nduweni kasekten linuwih, uga nduweni rasa geter nalika ana ing ngarepe Raden Jayakusuma. Saka pethikan iku bisa dimangerteni yen anatarane Dewi Serang lan Dewi Garansih, padha-padha ngakoni baguse Raden Jayakusuma. Baguse Jayakusuma ndadekake Dewi Serang yakin yen Jayakusuma tinakdir dadi jatukramane.

**2) Paraga Dewi Sudarawati**

Dewi Sudarawati mujudake paraga utama wanita sajrone crita silat DIPSI anggitané Widodo Basuki. Sajrone crita DIPSI, Dewi Sudarawati kagambarake minangka paraga sing nduweni rupa sampurna, ayu merak ati. Kanthi rupa ayu iku, saben pawongan kang durung tau weruh Dewi Sudarawati, nalika weruh pisanan bakal kapikat dening Dewi Sudarawati. Kahanan kaya mangkono bisa kagambarake saka pethikan ngisor iki.

“Sang prabu nuli ndangu rayi-rayine cacah telu sing rupane ayu-ayu, yaiku: Sudararini, Sudaraningrum, lan kang cahyane sumunar merak ati kang kapernah enom sesilih Sudarawati.

Sawise ndangu sing luwih tuwa, lagi tumiba marang Sudarawati.” (Widodo, 2013:16-17)

“Glugutbumi ngungun, sagebyaran wis ketaman panah asmara. Gurunge katon clegukan, mripate ora kendhat anggone nyawang Sudarawati... Rada wedi Sudarawati bareng weruh tamu saka Guwa Seluman mau. Apamaneh kalamun nyawang Sudarawati sing ayu merak ati, tamu iku katon anggone pendirangan.” (IIKM, 2013:19)

Saka pethikan-pethikan ing dhuwur nggambarake yen Dewi Sudarawati mujudake paraga kang nduweni rupa ayu ngungkuli keloro sedulure. Senadyan dheweke kapernah enom dhewe, nanging dheweke nduweni rupa paling ayu tinimbang sedulure. Pangripta olehe nggambarake Sudarawati iku mujudake wanita kang ayu merak ati. Saking ayune, nganti ana pawongan kang durung tau ketemu aran Glugutbumi, kang lagi ketemu sepisanan langsung nandang asmara marang Dewi Sudarawati. Glugutbumi nggumun karo ayune Dewi Sudarawati. Nganthi ora pethal anggone nyawang Dewi Sudarawati.

**3) Paraga Ki Jemblung Naya lan Paraga Ki Jemblung Sabda**

Pangripta nggambarake Ki Jemblung Naya lan Ki Jemblung Sabda minangka pamomong sing nduweni rupa kayadene rupane punakawan ing Wayang Purwa. Punakawan iku sebutan kanggo para pamomong ksatriya ing wayang. Ki Jemblung Naya lan Ki Jemblung Sabda sajrone crita silat DIPSI kagambarake nduweni rupa tuwa lan ala. Saliyane iku, kekarone uga nduweni weteng kang njembling. Kahanan kaya mangkono bisa kagambarake saka pethikan ngisor iki.

“Pamomong tuwa mau sing siji lemu ginuk-ginuk, rambute dikuncupake madhuwur. Sing sijine maneh rada langsing, rambute dikucir mengisor.” (SBJ, 2013:37)

Pethikan iku nggambarake wujud pamomonge Jayakusuma. Pangripta olehe nggambarake pamomonge Jayakusuma iku memper karo wujud punakawan ing pewayangan. Kekarone mujudake pawongan tuwa, mulane olehe mlaku alon-alon. Saliyane iku, Ki Jemblung Sabda prawakane lemu ginuk-ginuk, rambute dikuncupake mendhuwur. Dene Ki Jemblung Naya prawakane rada langsing, lan rambute dikucir mengisor.

**4) Paraga Prabu Brawijaya**

Paraga Prabu Brawijaya sajrone crita silat DIPSI mujudake paraga tambahan kang kagambarake minangka pawongan kang nduweni wewenang ing tlatah Majapait. Luwih cethane, Prabu Brawijaya iku raja ing praja Majapait. Pangripta olehe nggambarake Prabu Brawijaya mujudake raja kang nduweni kawibawan ing satingkah polahe. Ora kumawasa marang liyan, amarga Prabu

Brawijaya rumangsa yen ana kang luwih kuwasa ing jagad iki. Sajrone cecaturan ing ngarepe andhahane kebak kawibawan. Kahanan kaya mangkono bisa kagambarake saka pethikan ngisor iki.

“Dhawuh katimbangan, Sang Prabu Brawijaya.”

“Ing dinten punika, panjenengan ingsun timbali wonten ing pawiyatan agung. Sepisan kepengin nyungsung warta, dhumateng panjenengan, kados pundi kasugengan paman Patih Mangkubumi?” ngendikane Prabu Brawijaya kebak wibawa.” (IIKM, 2013:15-16)

##### 5) Paraga Dewi Serang ( Nyi Rara Kidul)

Paraga Dewi Serang mujudake paraga tambahan sajrone crita silat DIPSI. Dheweke kagambarake minangka putri kang nguwasani segara kidul. Pangripta olehe nggambarake Dewi Serang minangka putri kang nduweni rupa ayu. Dewi Serang uga nduweni jeneng liya, yaiku Nyi Rara Kidul. Kahanan kaya mangkono bisa kagambarake saka pethikan ngisor iki.

“Beda karo Raden Jayakusuma sing budhalan pengin tumuju praja Majapait, kahanane sing iki ana ing laladan Bandhulan Sutra. Sinebut Bandhulan Sutra amarga panggonane kaya-kaya gemandhul ing awang-awang nanging sejatine ana ing tengahing samodra nitik ing panggonan iku kala-kala uga keprungu kumrosaking ombak segara.

Ya ing kene iki mujudake kratone para putri ayu-ayu kang nguwasani segara kidul. Ana kang ngarani sang putri mono sebutane Dewi Serang, ning uga ana kang nyebut kanthi sebutan panguwasa ing laladan segara kidul yaiku Nyai Rara Kidul. Dene kang dadi warangkaning praja keng rayi pribadi, Dewi Garansih.” (DSYNRK, 2013:43)

Pethikan mau nggambarake kahanane laladan Bandhulan Sutra kang mujudake kratone putri ayu-ayu, kalebu Dewi Serang. Bandhulan Sutra iki sejatine panggonane ana ing laladan segara kidul. Mulane, Dewi Serang iku uga akeh sing ngarani Nyai Rara Kidul. Ratu kang nguwasani laladan segara kidul. Ya wanita iki kang nduweni Cangkok Kembang Wijayakusuma kang dadi syarate Glugutbumi sesandhingan klawan Sudarawaati.

##### 6) Paraga Glugutbumi

Paraga Glugutbumi mujudake paraga tambahan, nanging kerep metu ing carita. Sajrone crita silat DIPSI, Glugutbumi kacaritakake minangka sedulure Raja ing Guwa Seluman Glagah Alasan, kapernah adhine. Kekarone mujudake sedulur sing antara siji lan sijine padha nduweni sih tresna. Urip rukun ing kraton Guwa Seluman. Kahanan kaya mangkono bisa kagambarake saka pethikan ngisor iki.

“...Kraton Guwa Seluman kang ana ing pethiting Gunung Welirang iku prasasat kaya kraton mati tanpa ana siji-sija prajurit kemit sing isih durung turu...

“Adhiku, Dhi.. Glugut bumi. Sira mangerti apa sing njalari seping kahanan kang ngemuli kraton Guwa Seluman wengi iki?”

“Nuwun inggih mboten, Kangmas Glagah Alasan.” (RSNK, 2013:1)

Pethikan iku nuduhake yen Glugutbumi minangka andhine Glagah Alasan. Kacaritakake Glugutbumi lan Glagah Alasan lagi rembugan. Kekarone mbahas kahanane Kraton Guwa Seluman kang isih sepi. Miturut pamawase Kangmase, sepine Guwa Seluman amarga durung ana permaisuri ing kono. Saben sing dijak rembugan mung adhine siji iku. Katitik saka basane Glugutbumi nalika mangsuli pitakone Kangmase, dheweke nduweni unggah-ungguh marang kangmase.

##### Tema sajrone Crita Silat DIPSI

Tema utama sajrone crita fiksi diarani minangka tema mayor. Dene tema sing ana ing perangan-perangan tartamtu diarani tema minor utawa tema tambahan (Nurgiyantoro, 2007:263). Tema mayor (utama) crita silat DIPSI mujudake tema masyarakat Jawa ora bisa uwal saka anane mitos. Crita silat DIPSI iki nggambarake panguripane masyarakat Jawa, mligine ing jaman praja Majapait. Ing jaman kasebut masyarakat Jawa tansah percaya anane mitos arupa dongeng-dongeng leluhur.

“Kabeh purba wasesa dakpasrahake jenengsira, Dhi. Mung piwelingne pun kakang, aja pisan-pisan jenengsira ngliwati laladan Gunung Arjuna lan Penanggungan. Jalaran wiwit jaman kuna-makuna ing tlatah kono ginari dadi panggonan cumondhoke para wiku lan wong-wong suci kang gentur tapane, gedhe sawabe. Ing Gunung Arjuna ana tlatah Padhepokan Sukma Ilang kang dadi sirikan tumrapping bangsa lelembut lan brekasaan. Yen ta jenegsira ora nuruti kabeh piwelingku iki, kabeh gegayuhan lan pakaryanmu bakal bubar kasulayah. Gagar wigar tanpa dadi.” (RSNK, 2013:5)

Pethikan mau ngandharake kahanan laladan Arjuna saka dongeng-dongenge para leluhur. saka pocapane Glagah Alasan marang adhine Glugutbumi iku bisa dimangerteni kepriye kahanane Gunung Arjuna. Gunung Arjuna mujudake papan kang wingit jalaran anane sawijine Padhepokan kang dadi panggonan pertapane wong suci. Bisa uga ditegesi yen ing laladan Gunung Arjuna mujudake papan kebak misteri, dudu papan kang lumrah kang didadekake panggonane pertapan. Mula saka iku, papan kasebut dadi sirikan tumrap bangsa lelembut lan brekasaan. Miturut panemune wong Jawa, bangsa lelembut lan brekasaan bisa dikalahake dening wong-wong suci. Wong-wong kang wis putus ngelmune. Lan wong-wong kang tansah nindakake tapabrata. Yen ana bangsa lelembut lan



brekasaan kang ngliwati laladan kono, sakabehan gegayuhan lan pakaryan bakal bubrah.

Kejaba tema mayor (utama), uga ana sing diarani tema minor. Tema minor (tambahan) sajrone crita silat DIPSI yaiku tema katresnan sejati, tema panguripane masyarakat padesan, tema pangurbanan, tema kasetyan, lan tema kawicaksanaan Jawa. Tema katresnan sejati ing crita silat DIPSI yaiku ngenani katresnane para-mudha (Dewi Sudarawati marang Jayakusuma). Katresnane Dewi Sudarawati marang Jayakusuma iku senadyan wiwitane saka ketemu ana alam pangimpen, nanging batin kekarone kagambarake wis nduweni sesambungan. Kabukti nalika Dewi Sudarawati njaluk Cangkok Kembang Wijayakusuma marang Glugutbumi, ora dinyana yen Cangkok Kembang Wijayakusuma iku digawa dening Jayakusuma. Saliyane iku, nalika Dewi Sudarawati njaluk kembang limang rupa ing sawijine wit marang Glugutbumi, ora dinyana uga yen kembang limang rupa iku panjelmane layone Jayakusuma.

“Dhuh, Kangmas Prabu. Ing telenging manah kawula namung wonten Kangmas Jayakusuma.”

“Heh, priya sing koktemu ana impen iku?”

“Inggih!”

“Yen ora ana kanyatane, Iha njur kepriye?”

“Kula badhe anresnani sekar Pancawarna punika kados dene anresnani dhumateng Kangmas Jayakusuma.” (PS, 2013:87-89)

Pethikan mau nggambarake yen rasa tresnane Dewi Sudarawati marang Jayakusuma mujudake tresna kang sejati. Dewi Sudarawati nduwe janji marang awake dhewe yen ora bakal sesandhingan klawan priya liya. Kamangka Dewi Sudarawati mung tau ketemu Jayakusuma ana ing alam pangimpen. Ing kanyatan kekarone durung tau ketemu. Saliyane iku, niyate Dewi Sudarawati nresnani kembang Pancawarna nuduhake yen Dewi Sudarawati kaya-kaya ngerti sejatine kembang Pancawarna kasebut. Kanyatane Dewi Sudarawati ora ngerti babar pisan ngenani kembang Pancawarna. Kembang Pancawarna mujudake kembang kang tuwuh ing kuburane Jayakusuma. Kembang Pancawarna iku sejatine ya panjelmane Jayakusuma. Kahanan kaya mangkono ora mung amarga kebeneran, nanging kabeh kedadeyan wis dadi pesthine Kang Akarya Jagad. Sawise kembang Pancawarna dipuja dening Dewi Sudarawati, ana pawongan metu saka keluk kembang iku sing ora liya Raden Jayakusuma. Pungkasane, lumantar pepesthene Gusti kekarone tinakdir jejodhowan.

Tema minor kaping pindho ing crita silat DIPSI yaiku panguripane masyarakat padesan. Panguripane masyarakat padesan umume sarwa prasaja. Crita silat DIPSI nggambarake sosial budayane masyarakat padesan, mligine masyarakat padesan ing jaman praja Majapait. Majapait mujudake tlatah kang amba. Saliyane

kutha raja, ing tlatah Majapait uga ana alas, gunung, kali kang nggambarake kahanan padesan. Sajrone alas Majapait akeh wit-witan kang maneka warna jinise. Panguripane masyarakat desa tansah migunakake asil saka alam, mligine alas ing sakupenge. Kahanan kaya mangkono kagambarake ing pethikan ngisor iki.

“Rambut Rawe mudhun lan ngawe marang para prajurit siluman kaajak padha tumandang gawe gethek. Pring apus, pring ori, pring petung sing bisa ditemokake ing kono dibabati lan dikethoki watara telung tumbak dawane, diwangun gethek nggunakake tutus lan menjalin. Saben sagethek ditumpaki prajurit papat-papat. Sawise samapta kabeh, iring-iringan gethek cilik-cilik iku tleser-tleser mlaku anut iline banyu kali.” (NGW, 2013:9)

Pethikan mau ngandharake kahanan masyarakat padesan lumantar paraga Rambut Rawe lan para seluman. Masyarakat desa sajrone tumandang gawe tansah nengenanke gotong royong. Kabeh anggota masyarakat melu tumandang gawe. ing pethikan kasebut kagambarake tumandang gawe gethek. Gethek mujudake alat *transportasi* tradisional ing banyu sing cara nggawene kanthi ngrakit saperangan pring. Masyarakat padesan nggunakake pring-pring kang ana ing sakupenge panguripane. Masyarakat biyasane nggunakake gethek kanggo nyabrang kali.

Tema minor sabanjure yaiku tema pangurbanan. Pangripta anggane nuduhake gegambaran pangurbanan yaiku lumantar paraga Glugutbumi. Glugutbumi saguh ngurbanake jiwa ragane kanggo Dewi Sudarawati. Nalika Dewi Sudarawati kandha yen bakal manut klawan Glugutbumi. Glugutbumi banjur janji bakal nyaguhi apa wae kang dadi panjaluke Sudarawati. Apa wae bakal dilakoni dening Glugutbumi supaya bisa sesandhingan klawan Dewi Sudarawati. Kahanan kaya mangkono bisa kagambarake ing pethikan ngisor iki.

“Katresnane wanita ayu, pranyata bisa ndadekake urip iku endah, kabeh sarwa peni sinawang. Nengsemake! Yen pancen kaya mangkene, kanggo wanita siji iki, perkara Kakang Prabu Glagah Alasan kang dadi pepalang bisa daksingkirake wae. Apamaneh pusaka andel-andeling Guwa Seluman iya wis dakregem. Lha njur apa maneh? ngono pangudasane Glugutbumi.” (GCKW, 2013:31)

Pethikan kasebut nyritakake pangudasane Glugutbumi. Dheweke ketaman asmara marang Dewi Sudarawati kang nduweni rupa ayu. Kang ana ing pikirane Glugutbumi mung wanita pepujaning atine. Kanthi cara apa wae bakal dilakoni dening Glugutbumi supaya katresnane bisa diimbangi dening Dewi Sudarawati. Nanging katresnane Glugutbumi marang Dewi Sudarawati ndadekake Glugutbumi mungsuh

Kangmase dhewe Glagah Alasan. Glugutbumi bakal nyingkirake Kangmase Glagah Alasan, yen Glagah Alasan memalangi katresnane marang Dewi Sudarawati. Kanggone Glugutbumi pengarep-arepe bakal kelakon jalaran pusaka agul-agule Guwa Seluman wis ana ing regemane. Iku mau bisa nggampangake anggone nyingkrihake pawongan kang memalangi kekarepane.

Tema minor kang pungkasan yaiku tema kawicaksanan, kang kagambarake lumantar paraga Prabu Brawijaya. Dheweke bisa mbedakake perkara-perkara apa wae kang dadi wewenange. Nalika ngadhepi perkara kang dudu wewenange, dheweke ora bakal mutusi perkara kasebut. Cethane, nalika Prabu Brawijaya ngadhepi perkara panglamare Glugutbumi, dheweke ora aweh wangsulan marang Glugutbumi. Prabu Brawijaya ngutus adhine Sudarawati kang aweh wangsulan, jalaran kang dilamar dening Glugutbumi kuwi Sudarawati. Mula saka iku, sing wenang mutusi perkara uga Dewi Sudarawati. Kejaba iku, senadyan Glugutbumi kurang tata, nanging Prabu Brawijaya bisa nrima kanthi ngutus Sudarawati mangsuli panglamare Glugut bumi. Kahanan kaya mangkono bisa kagambarake saka pethikan ngisor iki.

“Mirsani tamu kang tanpa diundang mau regejegan karo Sudarawati, Prabu Brawijaya banjur ngendika.

“Yayi Sudarawati, nadyan ta tamu iku sajak kurang subasita, ananging dheweke wis nyoba takon kesaguhanmu. Mula gelem lan orane kang nemtokake sliramu dhewe. Apa wae putusanmu marang perkara iki uga ana ing tanganmu.” (IHKM, 2013:21)

Saka pethikan kasebut kagambarake yen Prabu Brawijaya mujudake raja kang wicaksana, senadyan panjenengane ngadhepi tamu kang ora diundang, nanging Prabu Brawijaya ora banjur ngusir tamu kasebut. Prabu Brawijaya uga ora banjur mangsuli panglamare Glugutbumi tumrap adhine Dewi Sudarawati. Panjenengane menahi kalodhangan marang adhine kanggo mangsuli pitakonane Glugutbumi. Jalaran Dewi Sudarawati minangka pawongan kang wenang mangsuli perkara kasebut. Dewi Sudarawati kang dadi tujuwane tamu iku tumeka ing praja Majapait. Panglamar iku uga katujokake kanggo Dewi Sudarawati. Mula saka iku, Prabu Brawijaya pasrah marang putusane adhine.

### **Wujuding Mitos sajrone Crita Silat DIPSI Percaya Marang Petilasan**

Petilasan kapisan yaiku petilasan Celeng Srenggi. Celeng Srenggi mujudake celeng kang uripe ana ing alas. Sajrone crita pewayangan Arjuna Wiwaha, Celeng Srenggi mujudake panjalmane patih Raja Niwatakawaca saka imamantaka sing nduweni jeneng patih Mamangmurka. Celeng kasebut kasil dipateni dening

Raden Arjuna lan Kiratarupa (panjalmane bathara guru). Miturut pamawase pangripta, tumekaning saiki petilasan Celeng Srenggi iku ana ing Gunung Arjuna sisih wetan.

“Nanging wis kasep. Sesawangan ing ngarepe sing mau sakala owah gingsir, dudu dalam mulus ngaluk-aluk tumuju kutharaja kang kebak pawongan arep budhal sesaji, nanging mung arupa dalam rumpil kebak celeng-celeng sing lagi padha gothek gupak lendhut lan kethek-kethek kang lagi rebut woh ceplukan. Dukung nguni ing tlatah kono mujudake panggonan kanggo gothehe Celeng Srenggi kang nate gawe gendra ing tlatah Gunung Arjuna.” (NGW, 2013:13)

Pethikan ing dhuwur iku nyritakake kahanan papan kang dipercaya dadi panggonane Celeng Srenggi. Amarga kagambarake saka akehe celeng kang gupak lendhut ana ing kono. Kacaritakake nalika iku Glugutbumi kang tumuju praja Majapait kalorobake dening Dhanyang Patra. Dheweke sing maune nyiriki aja nganti ngliwati laladan Gunung Arjuna, ndilalah ing tengahing laku dheweke ketemu dhanyang patra kang memba-memba kaya manungsa lumrah. Glugutbumi kalorobake ing petilasan Celeng Srenggi. Wewengkon iku dipercaya dening masyarakat minangka petilasan Celeng Srenggi. Anane kapitayan kasebut ora liya jalaran anane dongeng kang sumebar ing masyarakat. Dongeng kasebut isih dipercaya dening masyarakat nganti saiki.

Saliyane petilasan Celeng Srenggi, uga ana petilasan Guwa Gambir. Masyarakat sajrone crita silat DIPSI uga percaya anane Guwa kang manut crita kang sumebar ing masyarakat mujudake Guwa kang wingit. Guwa Gambir minangka Guwa kang didadekake panggonan tapa brata dening para raja jaman Singosari. Miturut pamawase pangripta Guwa Gambir iku manggon ana ing Gunung Penanggungan. Gunung Penanggungan mujudake *centra* raja-raja Jawa, mligine Majapait. Saliyane iku, sajrone Tantu Panggelaran disebutake yen Gunung Penanggungan mujudake gunung para dewa. Kawawas kanthi spiritual pancen asipat magis.

“Adoh ing lambunging Gunung Arjuna, ana pawongan telu sing lagi mudhun saka cepitane Guwa Gambir....

Dukung uni, Guwa Gambir mono dadi panggonane para raja-raja jaman Singosari kang tetirah lan pengin mahas ing asepi karo ngranti tetesing bun suci saka cepitane watu guwa. Banyu bun kuwi pinercaya bisa marasake sakeh lelara, bisa dadi tamba sakehing mala.” (SBJ, 2013:37)

Pethikan kasebut dicritakake dening pangripta nalika njlentrehake papan panggonane Jayakusuma sajrone nglakoni tapa brata. Guwa Gambir mujudake sawijine papan kang ana ing laladan Gunung Arjuna. Cethane, Guwa Gambir ana ing sadhuwure padhepokan Sukma Ilang. Sajrone crita silat DIPSI, padhepokan

Sukma Ilang minangka papan panggonane Jayakusuma ngangsu kawruh. Pangripta anggone nyritakake Guwa Gambir kanthi digathuk-gathukake karo jaman kapungkur. Ing jaman Singosari akeh raja kang nglakoni tapa ing Guwa Gambir. Banyu kang ana ing Guwa Gambir pinercaya bisa marasake sakehing lelara. Jalaran miturut pangripta, banyu bisa dadi sarana *terapy (water terapy)*. Cundhuk karo andharane Mulder (1984:19), yen lagi lara, ngombea banyu putih. Manungsa ora bisa nyiptakake banyu, manungsa mung bisa nggawe obat-obatan arupa *kapsule-kapsule*. Nanging mung Gusti Kang Akarya Jagad kang bisa nyipatakake banyu. Banyu mujudake obat saka Gusti, obat kang paling becik, siji-sijine obat kang pantes diombe. Banyu ing Guwa Gambir iku wis kasaring amarga banyune netes sithik mbaka sithik. Mulane, dipercaya dening masyarakat yen banyu ing kono bisa kanggo resesik badan lan jiwa. Semono uga bisa dadi tamba sakehing lelara. Masyarakat sajrone crita silat DIPSI isih percaya ngenani crita kasebut. Mula saka iku, Jayakusuma uga nglakoni tapa ing Guwa Gambir. Dheweke ngranti kebake banyu ing bumbung. Sabanjure bumbung kang wis kebak banyu iku digawa menyang padhepokane.

#### **Sirikan**

Sirikan nduweni teges minangka bab-bab kang kudu di singkiri dening saben pawongan. Lumrahe sirikan iku nyebar sak wong tuwa marang anake, lan saka guru marang muride. Sirikan uga mujudake bab kang ora oleh dilakoni, yen dilakoni bakal antuk apes. Sirikan iki kasampekake lumantar crita-crita legenda lan mitos. Pangripta olehe nggambarake sirikan ing kene apik banget. Jalaran sing nglakoni sirikan ing kene dudu manungsa lumrah. Nanging sirikan ing kene dilakoni dening bangsa Seluman. Bangsa Seluman sajrone crita silat DIPSI mujudake masyarakat Jawa. Saben solah bawane nggambarake kabudayane masyarakat Jawa, mligine ing bab sirikan. Kabukti saka pethikan ngisor iki.

Kabeh purba wasesa dakpasrahake jenengsira, Dhi. Mung piwelingé pun kakang, aja pisan-pisan jenengsira ngliwati laladan Gunung Arjuna lan Penanggungan. Jalaran wiwit jaman kuna-makuna ing tlatah kono ginari dadi sirikan tumraping bangsa lembut lan brekasaan. Yen ta jenengsira ora nuruti kabeh piwelingku iki, kabeh gegayuhan lan pakaryanmu bakal bubrah kasulayah. Gagah wigar tanpa dadi.” (rsnk, 2013:5)

Pethikan kasebut bisa diandharake yen Glagah Alasan sing kapernah Kangmase Glugutbumi mujudake seluman kang tansah ngugemi sirikane leluhur. Glagah Alasan ora nglilani adhine ngliwati laladan Gunung Arjuna lan Penanggungan sajrone tumuju kutha raja Majapait. Mula saka iku, sadurunge budhal menyang Majapait Glugutbumi antuk piweling saka Kangmase. Yen ing laladan kang wis disebutake kuwi mau mujudake

tlatah kang dadi sirikane bangsa lembut. Saben bangsa lembut kang nerak sirikan kasebut, ora bakal bisa nggayuh apa kang dadi pepenginané. Mula, sajrone laku tumuju kutha raja Majapait, Glugutbumi ngupayakake supaya ora nganti ngliwati laladan kang dadi sirikan kasebut. Sakabehan kuwi mau dilakoni supaya katekan apa kang dadi gegayuhane.

#### **Dina Becik kanggo Nindakake Pakaryan**

Sajrone crita silat DIPSI, bab kasebut uga isih diugemi. Kacarita, nalika Jayakusuma arep budhal menyang kutha raja, Ki Jemblung Naya sing minangka pamomonge Jayakusuma nakokake dina becik kanggo budhal marang Resi Sentanumurti. Amarga Resi Sentanumurti mujudake wong Jawa sing ngerti ing bab kasebut.

“Sing prayogi dinten menapa anggenipun thole Jayakusuma bidhal, Kakang Resi?” Ki Jemblung Naya pitakon.

“Becike sesuk esuk wae. Nanging sik perlu kok ngerteni, wektu iki lagi mangsa kapitu, mangsa gedhe-gedhene barat saka kulon. Yen ora prayitna bakal ana tumiyupe angin kang angganda wangi kang bisa nyeret laku tumuju alam seje.” (SBJ, 2013:41)

Pethikan ing dhuwur nggambarake Ki Jemblung Naya lagi nakokake dina becik kanggo budhal menyang Majapait marang Resi Sentanumurti. Resi Sentanumurti ngendikan yen Jayakusuma becike sesuk esuk budhal menyang kutha raja. Nanging miturut pranata mangsane mujudake mangsa kapitu (palguna). Mangsa “kapitu” suwene patang puluh telu dina, 23 Desember nganti 3 februari. Ing wektu iku langit mesthi mendhung. Udan saben dina, Mangsa gedhe-gedhene barat teka kulon. Miturut pamawase Resi Sentanumurti, yen ora prayitna bakal ana tumiyupe angin kang angganda wangi kang bisa nglorobake laku tumuju alam seje. Ki Jemblung Naya lan Ki Jemblung Sabda nakokake babagan iku amarga kekarone mujudake wong Jawa kang isih ngugemi tradhisi leluhur. Ki Jemblung Naya lan Ki Jemblung Sabda uga nduweni tujuwan supaya lakune karo momongane tumuju kutha raja Majapait bisa antuk kesModule.

#### **Percaya Marang Pralambang Impen**

Panguripane masyarakat Jawa mesthi tansah digayutake karo anane pralambang. Pralambang tumrap masyarakat Jawa iku maneka warna. salah sawijine yaiku pralambang impen. Impen mujudake alam ora nyata kang ana sajrone turu. Miturut pamawase wong Jawa impen mujudake pralambang kanggo menehi weruh apa kang bakal kelakon, nanging bener lan orane impen ora bisa dipesthekake. Akeh uga sing ngarani yen impen iku mung kembangan wong turu. Sajrone crita silat DIPSI, paraga kang percaya marang dayane impen yaiku Dewi

Sudarawati kapernah adhike Prabu Brawijaya. Kabukti saka pethikan iki.

Sang prabu manggut-manggut kalegan.

“Yen ngono, satriya bagus ing pasupenane Yayi Sudarawati iku pancen ana tenan.”

Mireng pangandikane Prabu Brawijaya, Dewi Sudarawati senenge ora jamak. Pepindhane, ing pasren atine kaya-kaya kembang-kembange padha mekrok lan ngambar arum gandane. Ing langit iya katon lintang-lintang gumebyar. Kabeh katon endah kebak pangarep-arep. (IIKM, 2013:17-18)

Pethikan kasebut nggambarake Dewi Sudarawati mangsuli pitakonane Kangmase Prabu Brawijaya yen praupane katon seje jalaran dheweke tansah kepikiran marang impen kang nganeh-anehi. Dewi Sudarawati ngimpi ketemu satriya bagus. Kacaritakake Dewi Sudarawati nandang katresnan marang satriya bagus kang ana ing impene. Dewi Sudarawati nyritakake impene marang Kangmase. Ing impene Dewi Sudarawati, satriya bagus iku kandha yen dheweke manggon ing Padhepokan Sukma Ilang. Krungu critane adhine sing kaya mangkono, Prabu Brawijaya banjur kelingan lan takon anane Padhepokan Sukma Ilang marang Patih Mangkubumi. Patih Mangkubumi kandha yen Padhepokan Sukma Ilang kuwi mujudake sawijining laladan ing lambunging Gunung Arjuna. Cethane, Patih Mangkubumi meruhi yen padhepokan Sukma Ilang kuwi ana sanyatane. Mula saka iku, Prabu Brawijaya kandha yen satriya bagus kang ana ing impene Dewi Sudarawati iku ana ing kanyatan. Krungu pangandikane Kangmase sing kaya mangkono ndadekake bungahing atine Dewi Sudarawati. Rasa tresnane Dewi Sudarawati marang satriya bagus ing impene saya ngrembaka.

### **Wujuding Mistis sajrone Cita Silat DIPSI**

#### **Asung Sesaji kanggo Ngormati Para Leluhur**

Asung sesaji mujudake salah sawijine carane wong Jawa aweh pakurmatan marang bangsa alus. Jalaran wong Jawa percaya yen ing sakiwa tengene panguripane masyarakat Jawa uga ana panguripane bangsa tan kasat mata. Sajrone cita silat DIPSI, masyarakat nindakake asung sesaji kanggo ngormati para leluhur kang wus tinggal donya.

“Sajakipun ing ngajeng sampun wonten padhusunan, gusti Glugutbumi!” Rambut Rawe aruh-aruh..

“Bener kandhamu. Sajake warga padhusunan kae lagi rame-rame. Delenge, katon ana arak-arakan tumuju sawijining panggonan karo ngusung rerangkening sesaji.” (NGW, 2013:10)

Pethikan kasebut nggambarake pocapane Rambut Rawe karo Glugutbumi. satengahing dalan tumuju kutha raja Majapait, Glugutbumi ndeleng ana sesawangan warga masyarakata lagi rame-rame arak-arakan tumuju

sawijining panggonan kanthi ngusung rerangkening sesaji. Sawijining sesaji iku rerangkeane. Saben-saben rerangkeane nduweni makna dhewe-dhewe.

#### **Kedadeyan kang Medeni**

Kedadeyan kang serem, medeni, mujudake kedadeyan kang mistis. Kedadeyan kaya mangkono biyasane ing wayah wengi. Kejaba iku, uga kagambarake anane kedadeyan kang aeng, ora tinemu nalar. Jalaran ora kabeh bab bisa tinampa dening akale manungsa. Cita silat DIPSI mujudake salah sawijine cita fiksi kang kebak misteri. Mula saka iku, ana kedadeyan kang medeni sajrone carita.

“O, sajakipun Andika tiyang enggal, inggih?”

Jenggirat, Glugutbumi dikagetake nalika ana pawongan loro sing weruh-weruh wis sapa aruh marang dheweke.

“Salaras ingkang njenengan tuju, sampun lumebet Majapait.” Sing wadon menahi weruh.

“Majapait?” Glugutbumi kaget sing kaping pindho.

“Yagene pawongan loro ing ngarepe iki kaya mangerti menyang endi paran sedyane?” (NGW, 2013:11)

Pethikan iku nuduhake Glugutbumi kang dikagetake dening pawongan loro sing ora liya Dhanyang Patra. Dhanyang kang njaga tapel wates kutha raja. Sing sepisanan, ana sing sapa aruh karo Glugutbumi. Kamangka, ing laladan kono ora ana sing kenal karo Glugutbumi. sing luwih ngagetake Glugutbumi, pawongan kasebut ngerti papan tujuwane Glugutbumi. Glugutbumi nggumun, jalaran dheweke durung nyritakake arah tujuwane marang pawongan kasebut.

#### **Ilmu Gaib kang Nuwuhake Kasekten**

Sajrone cita silat DIPSI iki paragane ora mung manungsa, nanging ana sawenehing paraga saka bangsa lelembut. Kejaba iku, konflikte uga tuwuh antarane bangsa alus lan manungsa kang nduweni kasekten. Mula saka iku, akeh wujuding ilmu gaib kang ana sajroning cita silat DIPSI iki. Wujuding ilmu gaib kapisan yaiku aji-aji. Aji-aji tegese rapal sing bisa nuwuhake kasekten. sajroning cita silat mesthi nggambarake kasekten kang diduweni dening sawijine pendhekar. Aji-aji biyasane dirapal nalika ngadhepi mungsuh nalika adu kekuwatan.

“Kekarone miwiti mbukak jurus-juruse. Prajurit Guwa Seluman sing sabregada mau uga wis padha adhep-adhepan karo prajurit Majapait. Patih Mangkubumi musus epek-epeke, ora suwe saka sela-selane driji kumebel ngetokake hawa panas. Tumrap jalma manungsa sing dudu mungsuh katon biasa-biasa wae. Nanging tumrap bangsa seluman, hawa mau krasa kaya nyedhot bayune.

“Iki Aji Guntur Bawana! Sida modar dening aku!” kandhane Patih Mangkubumi karo nyawatake

hawa panas mau.” (DDS, 2013:26)

Pethikan kasebut kagambarake nalika Patih Mangkubumi perang tandhing karo Glugutbumi. Patih Mangkubumi mujudake pawongan kang nduweni kasekten ing praja Majapait. Dipercaya dening Prabu Brawijaya supaya nyirnakake Glugutbumi kang wis gawe hera-heru ing pasewakan Agung. Patih Mangkubumi sadhar yen sing diadhepi kuwi dudu manungsa, ning bangsa seluman. Mula, panjenengane ngrupal Aji Guntur Bawana kanggo ngadhepi Glugutbumi. Nalika Patih Mangkubumi ngrupal Aji Guntur Bawana, ing sela-selane driji kumebul hawa panas kang bisa nyedhot bayune bangsa seluman.

### **Bangsa Alus kang Njaga Sawijining Papan**

Masyarakat Jawa percaya anane roh leluhur lan roh kang njaga ing sawijining papan. Saliyane iku, masyarakat Jawa uga percaya anane roh-roh becik, kang dudu mujudake roh leluhur, ing antarane yaiku dhanyang, bahureksa, sing ngemong, lan widadari (Koentjaraningrat, 1984:338). Sajrone crita silat DIPSI minangka crita kang kebak misteri, akeh bangsa alus kang kagambarake sajroning carita. Salah sawijining bangsa alus yaiku dhanyang. Dhanyang mujudake roh kang njaga lan ngawasi ing sawijining panggonan.

“Dhanyang Patra?”

Glugutbumi kaget kepati. Nganti titi wanci iku durung nyadhari sapa kang diadhepi. Dheweke ora nggraita adoh sadurunge, sapa ngerti yen Majapait uga nduwe telik sandhi ing alam alus, dumadi para dhanyang kang disraya anjangkung praja saka satu kang bakal lumebu.” (NGW, 2013:13)

Pethikan kasebut bisa kawaca yen Dhanyang Patra mujudake bangsa alus kang njaga laladan Majapat, mligine manggon ing tapel wates kutha raja Majapait. Glugutbumi kang minangka bangsa seluman kang nduweni niat ala, luwih-luwih dheweke lumebu kutha raja Majapait kanthi sesidheman, mula ing satengahing dalan tumuju kutha raja, dheweke dilorobake dening dhanyang Patra. Glugutbumi disasarake ing laladan Gunung Arjuna kang mujudake panggonan sisirikane bangsa lelembut brekasaan kaya Glugutbumi. Kanthi memba-memba dadi manungsa biyasa, Dhanyang Patra nglorobake Glugutbumi. Dhanyang Patra nglorobake Glugutbumi kasebut, kanggo netepi jejibahane minangka dhanyang kang wis diwenehi kapercayan njaga papan kasebut.

Saliyane iku, sajroning crita silat DIPSI uga kagambarake ngenani roh leluhur kang diyakini dening masyarakat Jawa manggon ing segara kidul. Roh leluhur kasebut yaiku Kangjeng Ratu Kidul. Ing kene diandharake kejaba disebut Nyi Roro Kidul, panjenengane uga dikenal kanthi sinebut Dewi Serang.

### **Kesurupan**

Masyarakat Jawa percaya, yen umume pawongan kang kesurupan iku mujudake pawongan kang kosong pikirane. mula saka iku, yen ana bocah lagi ngalamun mesthi diaruh-aruhi dening wong tuwane. Sajrone crita silat DIPSI ana kahanan kang nggambarake salah sawijine paraga kang kesurupan. Mangkene pethikan kang ngandharake ngenani kesurupan.

“Glugutbumi sing wis kepanjangan sukmane Celeng Srenggi iku ngamuk punggung. Pusaka Pecut Naga Buwana disabetake ing ngendi-endi tanpa arah. Sakala wit ringin rantas kena dayane pusaka iku. Padha-padha selumane, sejatine Glagah Alasan ora bakal mundur. Ning sing iki dheweke ora nyekel pusaka Naga Buwana, apa maneh Glugutbumi wis kepanjangan celeng sing tau nggegerake Gunung Arjuna iku jaman kuna-makuna. Mungsuhe sing iki banget tanggon, angel dikalahake.” (KSCS, 2013:61-62)

Pethikan kasebut nggambarake nalika Glugutbumi kesurupan sukmane Celeng Srenggi. Sadurunge Glugutbumi kesurupan, Kangmase kang aran Glagah Alasan nesu marang adhine. Jalaran adhine kang diutus nglamarake Dewi Sudarawati kasebut mblenjani janji. Glugutbumi nresnani wanita kang dadi pepujaning atine Kangmase. Luwih-luwih Glugutbumi nantang Kangmase yen ngalang-alangi katresnane marang Dewi Sudarawati. Mula saka iku, Glagah Alasan ngutuk adhine kaya Celeng Srenggi. Celeng Srenggi mujudake Celeng kang tau nggawe dredah ing Gunung Arjuna.

### **Pusaka Minangka Samubarang kang Nduweni Kasekten**

Sajrone crita silat DIPSI kagambarake anane samubarang kang dianggep pusaka. Saben pusaka kasebut nduweni daya kasekten kang beda-beda.

“Jenengsira ora usah was sumelang. Si Adhi bakal dakgawani sipat kandel agul-agule Guwa Seluman, arupa pecut raseksa arane pusaka Pecut Naga Buwana. Menawa ngadhepi mungsuh, gunakna pecut raseksa iki. Pecut jumedher sepisan kanggo naklukake mungsuh, pecut jumedher kapindho kanggo malayukake kang wis padha nglumpruk tanpa daya. Nadyan mung ngirit prajurit sabregada, ora nganti sapanginang prajurit mungsuh pira wae bakal nglumpruk tanpa daya.” (RSNK, 2013:5)

Pethikan kasebut cetha yen bangsa seluman nduweni pusaka. Pusakane arupa pecut raseksa kang aran Pecut Naga Buwana. Pusaka mau nduweni kasekten bisa naklukake mungsuh. Nalika Glugutbumi budhal menyang Majapait kanggo netepi kesaguhane nglamarake Kangmase, Glugutbumi was sumelang jalaran mung sabregada prajurit sing ngetutake lakune. Mula saka iku, Glagah Alasan minangka kangmase Glugutbuni nyangoni

pusaka Pecut Naga Buwana marang Glugutbumi. jalaran sing nduweni kawenangan marang Pusaka kasebut ora liya ya Raja Guwa Seluman Glagah Alasan.

### **Semedi Bisa Nuwuhake Katentremaning Jiwa**

Endraswara (2006:197-198) uga ngandharake, lumantar semedi bisa nuwuhake rasa adreng, pengin madhep kanthi ora nggawa apa-apa. Kejaba mung sawijine pangambaraning suksma. Swasana kang diwangun mujudake swasana khusyuk, katentremaning jiwa, konsentrasi, saengga ngrasa marem, bungah, lan bagya mulya. Patrap khusyuk sajrone budaya Jawa dianggep mampu nutupi babahan hawa sanga. Dene sajrone basa tasawuf kerep disebut wis nglakoni *salat-makrifat*.

“Sawise nyuwun pangestu marang Sang Resi, Ki Jemblung Sabda lan Ki Jemblung Naya balik mudhun saka padhepokan Sukma Ilang lan nunggoni undhug-undhugan lemah panggone Jayakusuma dikubur merga tumekeng tiwas kena pusakane Glugutbumi. Ing sangarepe lemah undhug-undhugan iku, pamomong loro kuwi padha sedhakep saluku tunggal.” (TKMW, 2013:76:77)

Pethikan kasebut bisa kawaca yen Ki Jemblung Naya lan Ki Jemblung Sabda minangka pamomonge Jayakusuma nglakoni semedi ing sangarepe kuburane momongane. Kacaritakake sawise antuk pangestu saka Resi Sentanumurti, Ki Jemblung Naya lan Ki Jemblung Sabda bali menyang kuburane Jayakusuma kanggo ngenteni sejatine lelakon kaya kang dikandhakake dening Resi Sentanumurti. Keloro pamomong kasebut kanthi setya nunggoni undhug-undhugan lemah panggone Jayakusuma dikubur.

### **Gegambaran Kasampurnaning Urip sajrone Crita Silat DIPSI**

Sajrone crita silat DIPSI iki kagambarake sawenehing paraga kang wis bisa nggayuh kasampurnaning urip. Ing anatrane yaiku Resi Sentanumurti kang mujudake eyang lan gurune Jayakusuma lan Jayakusuma kang minangka paraga utama ing crita silat DIPSI. Ing ngisor iki ana pethikan kang nggambarake yen Resi Sentanumurti mujudake pawongan kang wis nggayuh kasampurnaning urip.

“Dhuh, Sang Resi! Kula kekalih pasrah pati!”

Sang Resi Sentanumurti nalika iku sejatine wus mangerteni apa kang nembe kedadeyan. Nanging bawaning pandhita kang wis putus ngelmune lan ngerti agal alusing gaib, dheweke wis nampa wisiking Kang Akarya Jagat gumelar ngenani apa sejatining lelakon iki. Mulane nalika Ki Jemblung Sabda lan Ki Jemblung Naya munggah tlundhakaning pacrabakan, mung dipapag kanthi esem manis manuhara.” (TKMW, 2013:73)

Ki Jemblung Naya lan Ki Jemblung Sabda kandha marang Resi Sentanumurti ngenani patine Jayakusuma. Ki Jemblung Naya lan Ki Jemblung Sabda uga pasrah pati marang Resi Sentanumurti jalaran ora bisa njaga momongane. Nanging Resi Sentanumurti sadurunge dikandhani dening Ki Jemblung Naya lan Ki Jemblung Sabda wis ngaweruhi sejatining lelakon, jalaran Resi Sentanumurti mujudake pandhita kang wus putus ngelmune. Panjenengane wis bisa nampa wisiking Kang Akarya Jagad. Bisa kawawas yen miturut pangripta, pawongan kang wis putus ngelmune mujudake pawongan kang bisa nggayuh kasampurnaning urip. Jalaran pawongan kang kaya mangkono iku wis bisa *komunikasi* karo kekuwatan kang luwih dhuwur.

### **PANUTUP**

#### **Dudutan**

Crita silat DIPSI mujudake salah sawijine karya sastra anggitané Widodo Basuki kang tau kapacak ing kalawarti Jaya Baya ing taun 2004. Crita silat kasebut sumber critane sejatine saka crita lisan kang diwenehi daya imajinasi dening pangripta. Critane ngenani sawijining pemudha kang meguru ing padhepokan sukma ilang. Padhepokan sukma ilang mujudake padhepokan kang manggon ing laladan Gunung Arjuna. Kanthi ngelmune, pemudha kasebut kasil numpes angkara murka kang ditindakake Glugutbumi. Seluman kang gawe dredah ing laladan Majapahit.

Adhedhasar asile panliten, wujud wangunaning carita sajrone crita silat ditintingi saka paraga lan pamaragan, lan tema. Ora kabeh paraga kang dirembug, nanging kapilih enem paraga kang luwih asring dikatonake ing saben babak carita lan dadi punjere prakara. Saka enem paraga kasebut kang dadi paraga utama sajrone crita silat DIPSI yaiku Raden Jayakusuma. Dene paraga liyane mujudake paraga tambahan. Sabanjure ngenani tema dibedakake dadi loro miturut jinise, yaiku tema mayor lan tema minor. Tema mayor kang kinandhut sajrone crita silat DIPSI yaiku tema masyarakat Jawa ora bisa uwal saka anane mitos. Dene tema minor ana lima, yaiku tema katresnan sejati, tema panguripane masyarakat padesan, tema pangurbanan, tema kasetyan, lan tema kawicaksanan.

Wujud mitos kang dipercaya dening masyarakat sajrone crita silat DIPSI ana papat, yaiku percaya marang petilasan (petilasane Celeng Srenggi, lan Guwa Gambir), sirikan, dina becik kanggo nindakake pakaryan, lan percaya marang pralambang impen. Kapapat mitos kasebut diugemi lan dipercaya dening masyarakat sajroning crita silat.

Wujud mistis kang ngrembaka sajrone crita silat DIPSI bisa kawawas kanthi anane: asung sesaji kanggo ngormati para leluhur, kedadeyan kang medeni, ilmu gaib

kang nuwuhake kasekten, bangsa alus kang njaga sawijining papan, kesurupan, pusaka minangka samubarang kang nduweni kasekten, semedi bisa nuwuhake katentremaning jiwa, lan gegambaran kasampurnaning urip. Babagan kasebut isih ngrembaka sajrone panguripane masyarakat Jawa, mligine sajrone crita silat DIPSI.

#### **Pamrayoga**

Panliten kanthi asesirah *Mitos, Mistis, lan Kasampurnaning Urip Sajroning Crita Silat Dredah Ing Padhepokan Sukma Ilang Anggitané Widodo Basuki* iki isih adoh saka sampurna. Kaajab ing tembe mburine ana panliten liyane ngenani babagan iki kang luwih sampurna lan luwih becik saka panliten iki. Kanthi anane skripsi iki, kaajab bisa nyengkuyung ngrembakane sastra Jawa modern, mligine tumrap antropologi sastra. Tumrap pamaos, panliten iki kaajab bisa nambahi kawruh ngenani mitos, mistis lan kasampurnaning urip sajroning crita silat DIPSI. Tumrap piwulangan, panliten iki kaajab bisa menahi sumbangan materi apresiasi sastra mligine crita silat.

#### **KAPUSTAKAN**

- Aminuddin. 2002. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru.
- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Basuki, Widodo. 2013. *Dredah Ing Padhepokan Sukma Ilang*. Tulungagung: Paramarta.
- Damono, Sapardi Djoko. 1978. *Sosiologi Sastra Sebuah Pengantar Ringkas*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Falsafah Hidup Jawa*. Yogyakarta: Cakrawala.
- \_\_\_\_\_. 2006. *Mistik Kejawaen Sinkretisme, Symbolisme, dan Sufisme dalam budaya Spiritual Jawa*. Yogyakarta: Narasi.
- \_\_\_\_\_. 2011. *Metodologi Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: CAPS.
- Erdiasuty, Dinda Mulia. 2013. *Pendhekar Kampung Pindhangan Sawijining Carita Fiksi Kanuragan: Tintingan Sosio-Antropologis*. (skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBS D FBS Unesa.
- Geertz, Clifford. 1989. *Abangan, Santri, Priyayi dalam masyarakat Jawa*. Jakarta Pusat: PT Pustaka Jaya.
- Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Kuntawijaya. 1999. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta: PT Tiara Wacana.
- Maxzella, Fenty Yensa. 2012. *Kapitayan Masyarakat sajrone Cerbung Tresna Kagiles Ila-Ila Anggitané Mbah Brintik (Tintingan Antropologi Sastra)*. (skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBS D FBS Unesa.
- Moleong, Lexy J. 2008. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung : PT Remaja Rosdakarya.
- Mulder, Niels. 1984. *Kebatinan dan Hidup Sehari-Hari Orang Jawa*. Jakarta: PT Gramedia.
- \_\_\_\_\_. 1984. *Kepribadian Jawa dan Pembangunan Nasional*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: GadjahMada University Press.
- Pradopo, Rachmat Djoko, dkk. 2001. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widia.
- Purwadi. 2004. *Semar Jagad Mistik Jawa*. Yogyakarta: Media Abadi.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Setyorini, Jayatri. 2014. *Aspek Filosofis Sajroning Cergam (Crita Gambar) Asmara Pegat Jiwa Anggitané Aripurna*. (skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBS D FBS Unesa.
- Simuh. 1996. *Sufisme Jawa Transformasi Tasawuf Islam ke Mistik Jawa*. Yogyakarta: Yayasan Benteng Budaya.
- Shofifah, Arinis. 2014. *Mitos lan Legendha Sajrone Umbul Sungsang Anggitané Al Aris Purnomo (Tintingan Antropologi Sastra)*. (skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBS D FBS Unesa.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2007. *Antropologi Sastra*. Surabaya: Unesa University Press.
- Supriyanto, Teguh. 2007. *Teks Dan Ideologi Studi Sastra Populer Cerita Silat*. Semarang: Unnes Press.
- Teuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra: Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Dunia Pustaka Jaya.
- Wellek, Reene dan Austin Warren. 1995. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia.